

EFÈ LWA “VACATUR” KONEKTIKÈT YO SOU DWA TRAVAYÈ SÈKS



SEX WORKERS & ALLIES NETWORK

YALE GLOBAL HEALTH JUSTICE PARTNERSHIP

YON TI KOUT JE SOU LWA LAN

- “Vacatur” se yon ekspresyon ki fè referans ak kapasite tribinal pou elimine oswa efase dosye yon moun tribinal fin kondane
- Nan Konektikèt, te vin gen yon lwa “vacatur” an 2013 ki pèmèt moun k ap aplike pou li a mande Tribinal Siperyè a pou akòde yo “vacatur” si lajistis te kondane yo pou pwostitasyon “pandan ke yo te viktim trafik seksyèl.” [1] Nan lannen 2021 gen chanjman ki te fèt nan lwa sila a pou pèmèt viktim trafik ki pa genyen kondanasyon pou pwostitasyon pou yomenm tou yo andwa aplike pou yon “vacatur.” [2]
- **Lefèt ke li vin posib pou plis moun aplike pou “vacatur”, se yon jès enpòtan nan rive diminye movèz efè kriminalizasyon lavi travayè seksyèl yo**, paske li soulaje sitiasyon viktim trafik epi li vin ouvè yon konvèsasyon sou mal ki soti nan kondanasyon kriminel.
- Menm lè “vacatur” la se yon zouti ki ka rann reyalyite viktim trafik seksyèl yo ak travayè seksyèl yo pi fasil **lè li fòse yon evalyasyon lalwa sou chak grenn ka an patikilye pa ase pou kont li pou l korije tout mal ki soti nan kriminalizasyon endistri sèks la.**
- Alafen, **se dekriminalizasyon total endistri sèks la nètalkole ke travayè seksyèl yo ak viktim trafik yo ap kapab jwi tout dwa yo epi vin gen pouvwa pou fè desizyon pou tèt yo.** [3]

TRAVAY SEKSYÈL AK TRAFIK

TRAFIKE MOUN

Lalwa Konektikèt defini zak sa a kòm lè ou sèvi ak “fòs, koken, oswa presyon” pou w fòse oswa ankouraje yon moun fè yon zak seksyèl oswa yon travay nan nenpòt lòt domèn. Lalwa konsidere nenpòt moun ki panko gen 18 an ki boukante sèks pou lajan, oswa nenpòt lòt avantaj kòm yon viktim trafik seksyèl. [4]

TRAVAY SEKSYÈL

Sèvis seksyèl pou lajan oswa nenpòt lòt byen tankou manje, kay pou rete, dwòg, swen lasante oswa yon lòt bagay yon moun bezwen pou li viv.

- Menm lè gen moun k ap vann sèks ki se viktim trafik seksyèl, majorite travayè seksyèl pa viktim trafik seksyèl. [6] [7] Malerezman anpil fwa gen moun ki konfonn travay seksyèl ak trafik ki mennen moun nan diferan branch endistri sèks la. Lè konsa yo pa wè nan moun k ap vann sèks yo genyen ki se chwa yo fè, genyen se sikonstans lavi a ki mennen yo la, epitou genyen se fòse yo fòse rantre nan biznis la. Yon lòt move bagay ki rive lè moun konfonn travay seksyèl ak trafik seksyèl se lè li vin fè moun pa wè trafik ki fèt pou lòt kalite travay. [5]
- **Ni nan nivo federal, ni nan nivo eta yo krim sa yo rele trafik la enkli moun ki trafike pou rezon sèks ak moun ki trafike pou nenpòt lòt kalite travay; kanmenm nou rekonèt ni nan nivo lari a, ni nan nivo gouvènman yo plis gade trafik ki fèt pou travay seksyèl.** [8][9] Yon egzanp ki montre sa klè se ke menm lè lwa “vacatur” Konektikèt la rekonet trafik ni pou sèks ni pou lòt travay, jiska 2021 lwa Konektikèt la te egzije pou yon moun ta gen yon kondanasyon pou pwostitasyon pou l ta elijib pou “vacatur”. [1] [2]

SA H.B. 6657 AJOUTE NAN LWA “VACATUR” KONEKTIKÈT YO

- Yon lwa vacatur te rantre an vigè nan lannen 2013 pou pèmèt moun ki fè demand nan lwa sa a aplike pou elimine yon kondanasyon pou pwostitisyon si moun ki te kondane a se yon moun yo te trafike. Gen yon chanjman ki fèt nan lwa sila a an 2016 ki elaji kad kondanasyon ki ka elimine yo men li toujou egzije fò moun k ap fè demand lan te genyen yon kondanasyon pou pwostitisyon pou li aplike. [1]
- Limitasyon ki di fòk genyen yon kondanasyon pou pwostitisyon kòm baz pou “vacatur” lan aplike anpeche anpil moun ki te ka benefisye de lwa “vacatur” lan sèvi ak li. Depi lwa a fin pase an 2016, se **yon sèl ka ki prezante kote yon moun te aplike pou yo elimine kondanasyon li sou baz pwostitisyon anba lwa “vacatur” Konektikèt la.**
- **H.B. 6657 la se yon “Pwopozisyon Lwa sou Trafik Moun”** ki te prezante nan sesyon ane 2021 an nan Asanble Jeneral Konektikèt la epi **Gouvènè a siyen li pou fè l vin yon lwa nan mwa jen 2021.** HB 6657 elaji lwa “vacatur” ki te deja egziste nan Konektikèt la pou vin fè l posib pou moun ka mande yon “vacatur” menm lè leta pa t kondane yo pou pwostitisyon. [2]
- Nan regleman nouvo lwa sa a moun k ap aplike yo ka mande “vacatur” pou tout enfraksyon “misdemeanor” epi krim pi grav ki nan kategori “felony” C, D, E. Malgre pwopozisyon lwa a te mande pou enkli kategori “felony” A ak B, yo pa t rive pase nan vòt final ki soti nan Chanm Depite Konektikèt la.

AVANTAJ “VACATUR” POTE POU TRAVAYÈ SÈKS YO

- Kòm leta kriminalize endistri sèks la, yon kondanasyon nan tribinal pou moun ki angaje nan travay sèks vin fè l pi difisil pou w jwenn kay pou rete, pou w jwenn sèvis sosyal ak benefis leta bay pou ede moun ki nan bezwen, epi pou w jwenn travay. Nan anpil eta, yon kondanasyon fè w pa gen dwa vote nan eleksyon, ou pa gen dwa patisipe nan jiri nan pwosè kriminèl, ou pa gen dwa eli kòm yo politisyen, ou pa elijib pou jwenn sipò finansye pou kolèj, oswa pou gen lisans pwofesyonèl pou yon kategori metye. Konsekans pou anpil tan sa yo rive afekte kondisyon lavi moun epi yo vin fè inegalite ki deja egziste nan sosyete a parapò ak koulè po moun oswa si w se yon fanm oswa yon gason pi rèd. [10]
- **Elaji lwa “vacatur” yo ka vin tounen yon gwo etap pou rive kraze kèk nan baryè egziste akòz leta kriminalize lavi travayè sèks yo.** Men 2 fason “vacatur” ka rive fè sa:

Gen moun ki angaje nan travay sèks ki pral benefisye dirèkteman ak lwa H.B. 6657 la. Gen travayè sèks ki gen dwa yon kondisyon trafik nan yon sèten moman nan lavi yo epi nan yon lòt moman yo pa ladan l. Travayè sèks ki te sibi eksperyans trafik seksyèl ka rive benefisye ak elajisman “vacatur” la pou elimine dosye yo anpile paske yo te viktim trafik.

Esplikasyon pou “vacatur” lan rekonèt movèz efè dosye kriminèl genyen sou lavi yon moun.

Siveyans lapolis, arestasyon, prizon, ak dosye kriminèl gen yon movèz efè nan lavi ni moun ki viktim trafik, ni moun travay nan endistri sèks la. Konpay pou te vin pase lwa “vacatur” la vin mete popilasyon an okouran fason dosye kriminèl afekte lavi moun ki viktim trafik; se posib sa kapab pi devan vin fè l pi fasil pou popilasyon an konprann jan kriminalizasyon travayè sèks ki pa t fè eksperyans trafik yomenm tou dosye kriminèl fè yo soufri.

“VACATUR” PA ASE POU ASIRE DWA TRAVAYÈ SÈKS YO

- Trafik gen rapò ak zak ki fèt ak fòs, nan koken, oswa sou presyon; **moun sosyete a mete akote yo, moun ki pa gen mwayen defann tèt yo, oswa k ap sibi eksplwatasyon men yo pa rantre nan kad definisyon legal trafik pa ka mande leta elimine kondanasyon yo ak pwopozisyon lwa lan.** [11]
- “Vacatur” egzije ke jij ak avoka leta yo rekonèt moun ki aplike yo se viktim trafik yo ye epi pou yo konprann presyon moun ki trafike yo sibi. Sa vin ouvè yon fenèt pou lwa a pa rive aplike menm jan an pou tout moun. Sa enpòtan lè nou konnen jan leta plis gen tandans pou l konsidere **moun ki pa blan ak moun transjann yo tankou kriminèl olye li wè yo kòm moun ki viktim trafik.** [9] [12]

- Menm lè gen kèk travayè sèks ki ta rive benefisye avantaj lwa “vacatur” lan, **se pa t entansyon lwa a pou l retire pinisyon kriminèl sou travayè sèks ki pa viktim trafik.** Lè se viktim trafik yo sèlman “vacatur” elimine kondanasyon yo se kòm kwa anba anba lwa a ap sipòte lojik ki di travayè sèks ki pa viktim trafik yo merite kriminalize.
- Nan Konektikèt, trafike moun se yon krim “felony” kategori A kidonk lwa “vacatur” lan pa ka elimine l. **Travayè sèks ki gen yon kondanasyon pou trafik** paske yo t ap ede rantre lòt moun nan krim nan menm lè yomenm to se viktim trafik **pa ka mande leta elimine kondanasyon pa yo.** [13] [14]

MAL KI SOTI NAN KONTINYE KRIMINALIZE MOUN

- **Menm ak lwa H.B. 6657 la, viktim trafik nan tout diferan domèn ak travay sèks ka toujou sibi arestasyon, pousuit kriminèl, ak kondanasyon pi devan.** Vacatur ofri soulajman pou kondanasyon pase men li pa ka defèt tò fizik, tò mantal, ak byen materyèl yon moun nan nenpòt domèn pèdi lè l sibi arestasyon oswa kondanasyon. Anplis, li pa anpeche leta siveye w, stigmatize w, pou w viktim abi lapolis, ak kriminalizasyon ki fè lavi a pi frajil pou moun ki travay nan endistri sèks la epi dekouraje moun sa yo òganize tèt yo epi batay kont eksplwatasyon. Si w byen gade, w ap wè li asire plis kontak ak sistèm kriminèl legal la.
- Anplis sa ki di sou “vacatur” lan, lòt aspè nan H.B. 6657 la ogmante kriminalizasyon kliyan an lè li elaji definisyon krim yo rele “frekante yon pwositivitye” soti nan lè kliyan an peye pou zak seksyèl rive nan boukantay nenpòt bagay ki gen valè pou zak skesyèl la. [15] Makònen refòm sa yo bay pwoblèm: etid ki fèt demontre apwòch “Fini ak Demand” lan yo konn rele l “Egalite” tou ki kriminalize moun k ap achte sèks la olye li kriminalize moun k ap vann sèks la pa elimine movèz pèsepsyon ak chòk entèvansyon kriminèl-legal nan lavi travayè sèks yo. Kriminalizasyon ki kontinye ap fèt nan endistri sèks la kenbe travayè sèks yo nan kondisyon travay ki pa bon pou yo epi anpeche yo pran avantaj sèvis yo bezwen. [16] **Moun k ap batay kont krim trafike moun dwe chache redui kriminalizasyon endistri sèks la, olye li ta ogmante.** Li klè moun gen plis pwoteksyon kont presyon, kont eksplwatasyon, ak lòt krim ki fèt nan endistri sèks la lè yo gen aksè ak dwa travayè, yo jwenn sèvis sosyal, epi yo ka òganize tèt yo kòm travayè seksyèl.
- Kriminalizasyon travay sèks la mete travayè sèks ki pa gen papyè nan chimen leta. Pwosedi “vacatur” la limenm tou mete yo nan chimen leta. Konsa, yo siseptib pou sibi tout konsekans ki posib lè leta fè kontak ak yon moun ki pa gen papyè.
- Finalman, **se yon dekriminalizasyon total endistri sèks la ki va rive anpeche kriminalizasyon ni travayè seksyèl yo, ni viktim trafik yo epi pèmèt yo fè desisyon pou tèt yo.** [3] Se objektif sila a moun k ap defann dwa travayè sèks yo ak viktim trafik yo ta dwe pousuiv. [17]

1. C.G.S § 54-95C. https://www.cga.ct.gov/current/pub/chap_961.htm#sec_54-95c.

2. Proposed Bill No. 6657, “An Act Concerning Human Trafficking,” Introduced by Judiciary Committee. https://www.cga.ct.gov/asp/cgabillstatus/cgabillstatus.asp?selBillType=Bill&bill_num=HB06657&which_year=2021.

3. Global Health Justice Partnership and Sex Workers and Allies Network. (April, 2020). The Law and Sex Work: Four Legal Approaches to the Sex Sector. https://law.yale.edu/sites/default/files/area/center/ghjp/documents/the_law_and_sex_work.pdf.

4. Nan Konektikèt, Trafike moun se yon gwo krim “felony” kategori A. C.G.S § 53a-192a. https://www.cga.ct.gov/current/pub/chap_952.htm#sec_53a-192a. Lalwa konsidere nenpòt kontak ak pati prive nan kò yon lòt moun “konduit seksyèl.” https://www.cga.ct.gov/current/pub/chap_952.htm#sec_53a-65.

5. Global Health and Justice Partnership. Sex Work and Trafficking: How They Are Different and Why it Matters. (June, 2020) https://law.yale.edu/sites/default/files/area/center/ghjp/documents/issue_brief_sex_work_vs_trafficking_v2.pdf.

6. Chuang, J. (2010) Rescuing Human Trafficking from Ideological Capture: Prostitution Reform and Anti-Trafficking Law and Policy, *Univ. of Pennsylvania Law Rev.*, 158, 1655-1728.

7. Soderlund, G. (2005) Running From Rescuers: New U.S. Crusades Against Sex Trafficking and the Rhetoric of Abolition. *National Women's Studies Assoc. Journal*, 17(3), 64-87

8. Peters, A. (2013) “Things that Involve Sex are Just Different”: U.S. Anti-Trafficking Law and Policy On the Books, in Their Minds, and in Action. *Anthropological Qly*, 86(1), 221-255.

9. Haynes, D. F. (2006-2007). (Not) Found Chained to a Bed in a Brothel: Conceptual, Legal, and Procedural Failures to Fulfill the Promise of the Trafficking Victims Protection Act. *Georgetown Immigration Law Review*, 21(3), 337-382.

10. Purtle, J., Gebrekristos, L. T., Keene, D., Shlesinger, P., Niccolai, L. & Blankenship, K. M. (2020). Quantifying the Restrictiveness of Local Housing Authority Policies Toward People with Criminal Justice Histories: United States, 2009-2018. *American Journal of Public Health*, 110(S1), S137-S144.

11. Chuang, J. (2014). Exploitation Creep and the Unmaking of Human Trafficking Law. *The American Journal of International Law*, 108(4), 609-649.

12. Pa egzanp: *He was sexually abusing underage girls. Then, police said, one of them killed him.* (n.d.). Washington Post. Retrieved June 4, 2021, from <https://www.washingtonpost.com/graphics/2019/local/child-sex-trafficking-murder/>.

13. Berger, S. M. No End in Sight: Why the “End Demand” Movement Is the Wrong Focus for Efforts to Eliminate Human Trafficking. *Harvard J. of Law & Gender*, 35, 565-570 (2012).

14. C.G.S 53a-192a. https://www.cga.ct.gov/current/pub/chap_952.htm#sec_53a-192a.

15. File No. 694, Proposed Bill H.B. 6657, “An Act Concerning Human Trafficking.” at 9. <https://www.cga.ct.gov/2021/FC/PDF/2021HB-06657-R000694-FC.PDF>. (“Pwopozisyon lwa a elaji definisyon krim “akoste yon bouzen pou vin fè l yon krim pou boukante aktivite seksyèl sila yo pou nenpòt bagay ki gen valè olye se ta senpman pu lajan, jan li defini nan lwa aktyèl la...2. pou akomode yon jennès: peye yon lòt moun ki baze sou yon konpreyansyon ke an retou, lòt moun nan oswa yon twazyèm moun pral angaje nan konduit seksyèl avèk li.”)

16. Global Health Justice Partnership and Sex Workers and Allies Network (2020). The Consequences of Sex Work Criminalization on Health and Rights. https://law.yale.edu/sites/default/files/area/center/ghjp/documents/consequences_of_criminalization_v2.pdf.

17. Global Health Justice Partnership and Sex Workers and Allies Network. (2020). Mistreatment and Missed Opportunities: How Street-Based Sex Workers are Overpoliced and Underserved in New Haven, CT. https://law.yale.edu/sites/default/files/area/center/ghjp/documents/mistreatment_and_missed_opportunities_ghjp_and_swan_report_july_2020.pdf.